



## Aplikasyon pou Gad Machin Blende

*Li TOUT enstriksyon ki nan blòk dokiman sa a avèk anpil atansyon anvan ou ranpli fòm aplikasyon an. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo. Si ou manke bay nenpòt enfòmasyon, si ou bay enfòmasyon ki pa egzat oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo, nou ka konsidere sa kòm rezon ki ase pou refize yon anrejistremant, oswa sa ka lakòz nou sispann oswa anile yon anrejistremant nou te ba ou deja.*

### YON APLIKASYON OU RANPLI DWE GEN LADAN:

*(Itilize lis sa a ki gen tout sa pou bay la pou asire ou mete/konplete tout egzijans yo.)*

- Aplikasyon ou ranpli ak siyen an;
- Konsantman ki Baze sou Enfòmasyon ou Bay pou DMV epi ki siyen;
- Resi ki bay prèv yon vandè apwouve te fè anprent elektwonik ou;
- frè aplikasyon \$50 dola ou dwe peye Depatman-Deta Eta New York. Gade "Kondisyon pou Aplikasyon an - fòm peman ki akseptab yo;"
- Sètifika patisipasyon nan kou pandan 47 èdtan pou pran fòmasyon sou zam-pou-tire (sof si ou gen yon egzansyon);
- Nenpòt lòt dokiman nou mande ou konsènan sèten kesyon ki sou fòm aplikasyon an

### KONDISYON POU APLIKE:

#### Responsablite gad machin blende:

Yon gad machin blende, jan sa defini nan Lwa Jeneral sou Biznis (General Business Law), se yon moun ki jwenn travay nan yon konpayi vwati blende ki lisansye pou: (1) bay sekirite nan transpò; (2) pwoteje ak garanti chajman ki gen anpil valè ant yon kote ak yon lòt kote; **oswa** (3) bay sèvis pou lajan kach pou gichè otomatik, **tout sa** avèk mwayen veyikil blende ki rezistan kont bal. Answit, yon gad machin blende posede yon zam-pou-tire oswa posede youn.

Anplwaye machin blende ki ka kondi oswa akonpaye yon machin blende, men ki pa pote yon zam-pou-tire oswa ki pa otorize pou gen aksè nan youn, pa garanti anba lwa a epi yo pa oblije anrejistre.

#### Kimoun ki dwe aplike pou yon anrejistremant Gad Machin Blende?

Tout moun k ap fè aktivite gad machin blende dwe patisipe nan fòmasyon apwopriye epitou yo dwe anrejistre nan Depatman-Deta.

#### Dokiman ki obligatwa yo:

Tout moun ki aplike dwe remèt yon fòm aplikasyon ak prèv patisipasyon nan yon kou fòmasyon sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan pou yo ka vin anrejistre kòm yon gad machin blende. Yon lòt fason tou, moun ki aplike yo ka patisipe kou fòmasyon

sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan nan 180 jou apre yo resevwa aplikasyon pou gad la. Annatandan patisipasyon nan fòmasyon sou zam-pou-tire, epi si moun ki aplike a pa gen kondanasyon kriminel ki enpòtan (apre verifikasyon nan yon rapò DCJS bat apre moun nan soumèt anprent dijital li), moun ki aplike a ap resevwa yon lèt otorizasyon sou kondisyon k ap bay li dwa pou travay kòm yon gad machin blende.

Lè moun nan soumèt prèv ki montre li te patisipe nan kou fòmasyon an pandan 47 èdtan, l ap resevwa yon kat ID ki gen foto li, sa ki vle di moun nan otorize pou fè fonksyon gad machin blende.

#### Kondisyon pou fòmasyon sou zam-pou-tire:

Gad machin blende yo gen obligasyon pou patisipe nan pwogram fòmasyon DCJS rekonèt, tankou yon kou sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan ak yon kou sou zam-pou-tire pandan 8 èdtan chak ane pandan yo nan sèvis.

Si ou kapab montre nan satisfaksyon DCJS ou te deja pran fòmasyon ki satisfè oswa depase fòmasyon sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan, ou ka mande yon egzansyon nan DCJS. Ou ka mande egzansyon yo nan DCJS depi ou kontakte yo dirèkteman nan nimewo (518) 457-4135, oswa depi ou ekri yo nan adrès 80 South Swan Street, 3<sup>rd</sup> floor, Albany, NY 12210-8002. Si yo apwouve ou, y ap ba ou yon lèt egzansyon ou dwe soumèt ansanm avèk aplikasyon an.

#### Ofisye lapolis ki nan sèvis aktif dwe enskri ak patisipe nan fòmasyon an:

Ofisye lapolis ki nan sèvis aktif dwe anrejistre nan Depatman-Deta pou yo fè sèvis tankou yon gad machin blende. Ofisye lapolis ki nan sèvis aktif pa gen obligasyon pou patisipe nan fòmasyon sou zam-pou-tire. Men, ou dwe soumèt yon sètifika sou sityasyon ou ansanm avèk aplikasyon ou pou gad machin blende. Sa ap konfime ou se yon ofisye lapolis ki nan sèvis aktif epi ki gen bon repitasyon. Sètifika sityasyon y dwe sou papye antèt ofisyèl epi responsab la oswa responsab pèsònèl la dwe siyen li.

Moun ki te anplwaye anvan kòm ofisye lapolis konsidere kòm sivil. Yon ofisye lapolis ki te pran retrèt li nan dènye senkan yo, ka kalifye pou yon egzansyon nan fòmasyon sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan an. Ou ka mande egzansyon yo nan DCJS depi ou kontakte yo dirèkteman nan nimewo (518) 457-4135, oswa depi ou ekri yo nan adrès 80 South Swan Street, 3<sup>rd</sup> floor, Albany, NY 12210-8002. Si yo apwouve ou, y ap ba ou yon lèt egzansyon ou dwe soumèt ansanm avèk aplikasyon an.

Moun ki pa ofisye lapolis nan sèvis aktif ankò epi ki pa kalifye pou yon egzansyon, dwe patisipe nan kou fòmasyon sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan.

# Aplikasyon pou Gad Machin Blende

## Ofisye pou Lapè yo dwe anrejistre epitou yo dwe patisipe nan fòmasyon an:

Ofisye pou lapè ki nan sèvis aktif dwe anrejistre nan Depatman-Deta pou yo fè sèvis tankou yon gad machin blende. Ofisye pou lapè ki nan sèvis aktif yo ka jwenn egzansyon nan lòt fòmasyon sou zam-pou-tire si ou te deja pran fòmasyon ki satisfè oswa depase fòmasyon sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan an.

Ofisye pou lapè ki nan sèvis aktif ki te patisipe nan kou debaz pou ofisye pou lapè avèk zam-pou-tire ki long ka soumèt sètifika kou debaz yo ansanm avèk aplikasyon yo.

Yon sètifika pou kou debaz valab pou katran apati dat separasyon an. Ofisye pou lapè ki nan retrèt epi ki te resevwa fòmasyon sou zam-pou-tire ki long, ka kalifye pou yon egzansyon. Ou ka mande egzansyon yo nan DCJS depi ou kontakte yo dirèkteman nan nimewo (518) 457-4135, oswa depi ou ekri yo nan adrès 80 South Swan Street, 3<sup>rd</sup> Fl, Albany, NY 12210-8002. Si yo apwouve ou, y ap ba ou yon lèt egzansyon ou dwe soumèt ansanm avèk aplikasyon an.

Moun ki pa ofisye pou lapès ki nan sèvis aktif ankò epi ki pa gen yon sètifika kou debaz valab, oswa ki pa kalifye pou yon egzansyon, dwe patisipe nan kou fòmasyon sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan.

## Frè pou peye ak dire anrejistremman an:

Frè aplikasyon non-ranbousab pou yon anrejistremman gad machin blende se \$50.00 ou dwe peye ba NYS Department of State. Anrejistremman an ap valab pou dezan. Frè renouvèlman an se \$50.00 dola, chak dezan.

## Fòm peman ki akseptab:

Ou ka peye avèk Chèk Postal (Money Order), Chèk Konpayi oswa Chèk Labank ki ekri sou non NYS Department of State. Nou p ap aksepte chèk pèsònèl oswa kat kredi. Pa voye lajan kach pa lapòs.

Nòt: Anvan ou voye aplikasyon sa a pa lapòs, tanpri asire ou mete dokiman apwopriye yo ak frè non-ranbousab ou dwe peye Depatman-Deta Eta New York. (Gade devan aplikasyon sa a pou jwenn adrès postal apwopriye a.)

## EGZIJANS POU FÈ ANPRENT DIJITAL:

Moun ki aplike yo gen kapab fè anprent dijital elektwonik yo nan MorphoTrust USA.

## Metòd pou Fè Anprent Dijital Elektwonik:

Pran yon Randevou: Moun ki aplike yo ka pran randevou avèk MorphoTrust USA. Pou pran yon randevou nan yon adrès ki toupre ou, ale sou sitwèb yo nan [www.indentogo.com](http://www.indentogo.com) oswa rele nimewo 877-472-6915. Pou pran randevou a, ou dwe itilize nimewo obligatwa NY922020Z ORI.

*Sa pou pote nan Randevou a:* Ranpli Fòm Demann pou Sèvis Anprent Dijital Eta New York - Fòm Enfòmasyon (pdf) epi ALE avèk li nan biwo kote pou fè anprent dijital la. *Prèy ki montre ou te fè anprent dijital elektwonik lan:* Lè ou fini metòd pou fè anprent dijital la, vandè a ap ba ou de (2) resi kòm prèy ki montre ou fè anprent dijital ou. Mete yon resi ansanm avèk aplikasyon ou ranpli a. Patwon ou ta dwe konsève dezyèm kopi a.

**TANPRI SONJE:** Resi anprent dijital yo valab pou 5 mwa apre dat ou fè anprent dijital la. Tanpri soumèt aplikasyon orijinal la nan 5 mwa apre dat ou fè anprent dijital la. Si ou pa soumèt aplikasyon ou nan peryòd tan sa a w ap gen obligasyon pou fè pwosesis anprent dijital la ankò.

## Frè pou anprent dijital la:

Ou dwe peye tout frè pou anprent dijital la (ansanm ak metòd elektwonik ak kat lamine anprent dijital) ba MorphoTrust USA.

- Frè pou Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl [Division of Criminal Justice Services (DCJS)]: \$75.00
- Frè ki anvigè ki anvigè pou peye Vandè Anprent Dijital (Li ka chanje nan mwa janvyè ak jiyè chak ane)  
Gade lyen "e-Fingerprinting" ki anlè adwat sou sitwèb [www.dos.ny.gov/licensing](http://www.dos.ny.gov/licensing).

## Fòm peman ki akseptab:

Ou dwe fè peman frè pou anprent dijital la sou fòm chèk, chèk postal (money order) oswa kat kredi sou non MorphoTrust USA.

**Nòt:** frè pou anprent dijital la se yon diplis sou frè aplikasyon an.

# Aplikasyon pou Gad Machin Blende

## LÒT KONDISYON:

### Rapò konsènan Sipò Timoun:

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. **Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim klas E.

### AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo federal Sekirite Sosyal ak nimewo federal Idantifikasyon Patwon tout moun ki gen lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande epi

konsève enfòmasyon pèsonèl sa yo nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize enfòmasyon yo pou administrasyon taks ak pou nenpòt lòt objektif ki otorize anba Lwa Fiskal (Tax Law), epitou ajans egzekisyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou detèmine, modifye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Si ou pa bay nimewo a ou fèt pou bay yon eksplikasyon alekri pou sa. Direktè Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

## ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan [www.elections.ny.gov/votingregister.html](http://www.elections.ny.gov/votingregister.html)

Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York ( NYS Voter Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou [www.ny.gov/services/register-vote](http://www.ny.gov/services/register-vote).

CASH#:

FOR OFFICE USE ONLY

FEE: \$50

UID: \_\_\_\_\_ PREV. UID: \_\_\_\_\_ CLASS: \_\_\_\_\_ CODE: \_\_\_\_\_



# Division of Licensing Services

New York State  
Department of State  
Division of Licensing Services  
Security Guard  
P.O. BOX 22052  
Albany, NY 12201-2052  
Customer Service: (518) 474-7569  
[www.dos.ny.gov](http://www.dos.ny.gov)

## Aplikasyon pou Gad Machin Blende

**EKSPLIKASYON:** Ou dwe ranpli fòm yo avèk plim ble oswa plim nwa. Nou p ap travay sou fòm aplikasyon ki pa fin ranpli yo. Tanpri gade paj 4 - 6 pou jwenn lòt enstriksyon sou fason pou ranpli fòm sa a.

### ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

Nimewo Sekirite Sosyal: - -

Dat Nesans: - -

(Gade Enstriksyon yo-Avi sou Konfidansyalite Enfòmasyon Prive)

Mwa      Jou      Ane

NON FANMI

**Non Moun  
ki Aplike a:**

PRENON

DEZYÈM PRENON

TIT NON AN (Pa egzanp: Sr. / Jr. / III )

NON FANMI

**Ti non jwèt oswa**

**Non Jèn Fi:**

PRENON

DEZYÈM PRENON

TIT NON AN (Pa egzanp: Sr. / Jr. / III )

### ADRÈS KAY

ADRÈS KAY (Obligatwa) - Ou ka mete Bwat Postal ou pou asire livrezon

APATMAN/INITE/BWAT POSTAL

VIL

ETA

KÒD POSTAL+4 chif

KONTE (Antre li sèlman si li nan Eta New York)

PEYI/NASYON (adrès ki anwo a)

TELEFÒN POU KONTAK LAJOUNEN (ANSANM AVÈK KÒD REJYONAL LA)

NIMEWO FAKS - SI OU GENYEN (ANSANM AVÈK KÒD REJYONAL LA)

ADRÈS IMÈL (SI OU GENYEN)

## Seksyon Konsantman DMV - ENFÒMASYON ENPÒTAN Konsènan ID ki Gen Foto Ou

Depatman-Deta bay kat ID ki gen foto nan tèt ansanm avèk Depatman Veykil-a-Motè [Department of Motor Vehicles (DMV)] Eta New York. Si ou gen yon Lisans Chofè Eta New York ki valab oswa yon kat ID ki pa Lisans Chofè, tanpri bay Nimewo ID DMV 9 chif ou nan espas nou ba ou anba la a. Answit li konsantman ki baze sou enfòmasyon yo epitou li fòm sa a. Si ou pa gen yon Lisans Chofè Eta New York ki gen foto ou epi ki valab oswa yon kat ID ki pa Lisans Chofè, tanpri fè yo fè foto ou nan nenpòt biwo DMV ANVAN ou ranpli fòm aplikasyon sa a. Pou jwenn plis detay, gade avi nou voye ba ou a, ki rele "Demann ID ki Gen Foto."

# Aplikasyon pou Gad Machin Blende

**KONSANTMAN KI BAZE SOU ENFÒMASYON:** Mwen bay Depatman-Deta Eta New York ak Depatman Veyikil-a-Motè Eta New York otorizasyon pou yo fè yon kat ID ki gen foto DMV mwen sou li. Mwen rekonèt DMV ap voye kat sa a nan adrès mwen genyen avèk Depatman-Deta. Mwen rekonèt Depatman-Deta ak DMV ap itilize foto DMV mwen pou fè tout kat ID apre yo pandan tout tan mwen konsève lisans/anrejistreman mwen avèk Depatman-Deta.

DMV ID# \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

X \_\_\_\_\_

Siyati Moun ki Aplike a

Dat Siyati a

## KESYON JENERAL

### Reponn kesyon sa yo. Pou fè sa, tcheke “WI” oswa “NON”

1. Èske ou se yon ofisye lapolis ki nan sèvis aktif nan moman an?

→ **SI OU REPONN “WI,”** ou dwe soumèt sètifika sityasyon an.

WI  NON

2. Èske ou se yon ofisye pou lapè ki nan sèvis aktif nan moman an epi ki te patisipe nan yon kou fòmasyon obligatwa sou zam-pou-tire?

→ **SI OU REPONN “WI,”** ou dwe soumèt sètifika sityasyon an.

WI  NON

3. Èske lajistis te janm kondane ou nan eta sa a oswa lòt kote pou nenpòt krim oswa zak ki se yon deli oswa yon krim?

→ **SI OU REPONN “WI,”** ou dwe soumèt ansanm avèk aplikasyon sa a yon eksplikasyon alekri pou bay kote a, jiridiksyon tribinal la, kalite zak la, dispozisyon sou santans lan ak/oswa lòt dispozisyon. Ou dwe soumèt yon kopi dokiman akizasyon an (pa egzanp, zak akizasyon, enfòmasyon kriminèl oswa plent lan) ak yon Sètifika Dispozisyon an. Si ou posede oswa si ou te resevwa yon Sètifika Soulajman nan Andikap, Sètifika Bon Konduit oswa Padon Egzekitif, ou dwe soumèt yon kopi ansanm avèk aplikasyon sa a.

WI  NON

4. Èske gen nenpòt akizasyon kriminèl (deli oswa krim) ki pandye sou tèt ou nan nenpòt tribinal nan eta sa a oswa lòt kote?

→ **SI OU REPONN “WI,”** ou dwe soumèt yon kopi dokiman akizasyon an (pa egzanp, zak akizasyon an, enfòmasyon kriminèl, oswa plent).

WI  NON

5. Èske yo te anile, sispann oswa refize nenpòt lisans oswa pèmi yo te ba ou oswa yon konpayi kote ou se oswa te yon responsab prensipal nan Eta New York oswa lòt kote?

→ **SI OU REPONN “WI,”** ou dwe soumèt yon eksplikasyon.

WI  NON

6. Èske ou yon tribinal ki gen jiridiksyon konpetan, yon ofisye odyans administratif, yon jij administratif, yon abit, yon komite abitraj oswa lòt tribinal ki tribinal yo fòme kòmsadwa, te janm revoke ou nan yon ajans koreksyonèl oswa ajans lapolis pou enkonpetans oswa move konduit, oswa èske ou te bay demisyon ou nan yon ajans konsa pandan ou te yo akize ou pou move konduit oswa enkonpetans lan?

→ **SI OU REPONN “WI,”** ou dwe soumèt yon eksplikasyon.

WI  NON

7. Èske ou te aplike, nan eta sa a oswa lòt kote, pou yon anrejistreman/lisans kòm yon gad machin blende; yon konpayi machin blende; ajan sekirite; ajans siveyans, ajans sekirite, oswa ajans patwouy; ajan egzeksyon kosyon; oswa anketè prive?

→ **SI OU REPONN “WI,”** tanpri bay UID # oswa Reg. # \_\_\_\_\_

WI  NON

---

## RAPÒ KONSÈNAN SIPÒ TIMOUN

---

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime apati dat aplikasyon sa a, mwen pa anba yon obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen anba yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa gen kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun; oswa m ap fè peman yo anba egzekisyon sou revni mwen oswa anba akò mwen dakò avèk tribinal oswa anba plan ranbousman oswa anba plan moun ki konsène yo aksepte oswa obligasyon sipò timoun mwen depannde pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite anplis.

---

## Aplikasyon pou Gad Machin Blende

---

---

### KONFIMASYON MOUN KI APLIKE A

---

Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk. Answit, mwen konfime mwen li dispozisyon Atik 8C Lwa Jeneral sou Biznis ak règ ak règleman yo pibliye annapre.

X \_\_\_\_\_

*Siyati Moun ki Aplike a*

\_\_\_\_\_

*Dat Siyati a*

*Ekri Non ou an Lèt Detache:* \_\_\_\_\_

Li enpòtan pou ou fè Depatman-Deta Eta New York konnen nenpòt chanjman ki nan adrès ou pou ou kapab Resevwa avi renouvèlman yo ak nenpòt lòt avi ki enpòtan pou lisans ou.

**Anvan ou voye aplikasyon sa a pa lapòs, tanpri asire ou mete dokiman ki apwopriye yo ladan Ak peman frè non-ranbousab ou dwe peye Depatman-Deta Eta New York.** (*Gade devan aplikasyon sa a pou jwenn adrès postal apwopriye a*).